

Evite pyèj peche

Pa Èldè Jairo Mazzagardi

Nan Swasanndis yo

Rete solid epi fè bon chwa ap pèmèt nou manje fwi pyebwa lavi a.

Yon bèl maten ansoleye, m te envite pititpitit fi mwen, Vicki, ki te prèske gen uitan, pou l t al flannen avèk mwen tou pre yon lak, ki anfèt sete yon rezèwva dlo pou bèl vil nou an.

Nou te kontan mache, pandan n t ap tande ti bri kouran dlo byen klè a sou wout nou. Wout la te dekore avèk bèl pyebwa vèt ak flè santi bon. Nou ta p tande zwazo kt ap chante.

M te mande pititpitit fi je ble, joyyal ak inosan mwen an kijan li t ap prepare pou batèm ni.

Li te reponn avèk yon kesyon: “Granpa, kisa peche ye?”

M te priye nan kè m pou m te jwenn enspirasyon epi m te eseye reponn osi senp m te kapab: “Peche se volontèman dezobeyi kòmandman Bondye yo. Li fè Pè Selès la tris, e rezilta li se soufrans ak tristès.”

Avèk atansyon, li te mande m: “E kijan li atenn nou?”

Kesyon an toudabò revele pite, men li revele yon enkyetid tou sou fason pou evite enplike nan peche.

Pou li te ka konprann pi klèman, m te itilize eleman nan nati a ki te antoure nou yo kòm egzanp. Pi ba sou wout nou, bò kote yon kloti antoure ak filfè, nou te jwenn yon poto wòch men gwosè; sete yon aranjman solid avèk flè, raje ak ti pyebwa ki pouse alantou li. Avèk letan plant sa yo ap vin pi gwo pase poto a limenm.

M te sonje ke yon tikras pi ba sou wout la, nou ta pral jwenn yon lòt poto ki te deja kouvri nèt, piti piti, prèske san moun pa remake, avèk plant ki te antoure l. Mwen panse ke yon poto pa t ap janm panse ke, malgre fòs li, li te ka kouvri epi detwi pa ti plant tou frèl. Poto a siman te panse, “Pa gen pwoblèm. Mwen solid mwen gwo, e ti plant sa a pa ka fè m anyen.”

Konsa, pandan yon pyebwa toupre l ap grandi, poto a pa remake anyen toudabò; apresa poto a kòmanse jwi lonbraj pyebwa a bay la. Men pyebwa a kontinye ap grandi, e li ansèkle poto a avèk de branch ki, toudabò, parèt frajil men, ki finalman, ansèkle ak vlope poto a.

Poto a toujou pa reyalize sa k ap pase a.

Byen vit, sou wout nou, nou te jwenn yon poto jan m te predi a. Li te rache soti nan tè a. Pititpitit fi m nan te parèt etone epi l te mande m, “Granpa, èske se pyebwa peche a sa?”

Lèsa a m te eksplike li ke sete sèlman yon senbòl, oswa yon egzanzp, sou fason peche atenn nou.

Mwen pa konnen ki efè konvèsasyon nou an pral genyen sou li, men li te fè m reflechi sou anpil fòm peche ak fason li fofile antre nan lavi nou si nou pèmèt li.

Nou dwe vijilan paske ti chwa piti yo kapab gen gwo konsekans. Doktrin ak Alyans 88:124 anseye nou, "Leve bonè pou kò nou ak panse nou kapab rafrech." Moun ki dòmi bonè reveye fre, avèk kò yo ak panse yo rafrech epi Senyè a beni yo poutèt obeyisans yo.

Sa ki ka sanble gen tikras enpòtans, tankou dòmi ta, pa priye yon jou, pa jene, oswa kraze Saba a---ti erè senp konsa---apral fè nou pèdi sansiblite nou, tikal pa tikal, sa ki ap mennen nou fè bagay ki pi mal.

Lè m te yon tinedjè, limit pou m te rantre lakay mwen sete 10:00 diswa. Jodia, se lè sa a kèk moun sòti pou al amize yo. Men nou konnen ke se lannuit kèk nan bagay ki pi mal yo rive. Se pandan fènwa ke kèk jèn ale kote ki pa apwopriye, kote mizik yo ak pawòl yo pa pèmèt yo gen konpayi Sentespri a. Lèsa a, nan sikonstans sa yo, yo vin fasil tonbe nan peche.

Souvan, yon moun kòmmanse tonbe nan peche lè l chwazi zanmi ke prensip yo pa konsistan avèk levanjil la; epi pou l ka vin popilè oubyen pou zanmi aksepte li, moun sa a konpwomèt prensip ak lwa levanjil yo, li tonbe nan yon chemen ki ap mennen sèlman doulè ak tristès pou moun sa a ak moun ki chè pou li yo.

Nou dwe rete veyatif pou nou pa kite peche anvayi nou. Fòm peche toupatou---menm, paegzanp, sou òdinatè oswa telefòn selilè. Teknoloji sa yo itil e yo ka pote gwo benefis pou nou. Men move itilizasyon yo---tankou plede gaspiye tan nan jwèt, pwogram ki ap mennen nou nan plezi chanèl, oswa bagay ki pi mal tankou pònografi---ap detwi nou. Pònografi detwi karaktè e li fè moun k ap itilize l la plonje nan toubiyon salte, kote moun nan kapab sòti sèlman avèk anpil èd.

Mons terib sa a lakoz doulè ak soufrans, alafwa pou moun k ap itilize l la ak pitit, konjwen, papa, manman inosan li. Fwi plezi chanèl se amètim ak tristès. Fwi obeyisans ak sakrifis se dousè ak lajwa etènèl.

Desizyon konsènan prensip pou suiv yo dwe pran alavans, pa lè tantasyon an parèt. Liy konduit nou dwe konsa:

- M ap fè sa paske li kòrèk, li soti nan Senyè a, e l ap pote bonè pou mwen.
- M pa p fè sa paske li pral rale m desann lwen laverite, lwen Senyè a, ak bonè etènèl Li pwomèt moun ki fidèl ak obeyisan yo.

Paske Papa a te konnen nou t ap fè move chwa, Li, nan plan lanmou mèvèye li a, te ofri yon Sovè pou mond lan, pou ekspye pou peche tout moun ki repanti; ki vin jwenn ni pou èd, konsolasyon, ak padon; epi ki dispose pou pran non li---Jezikri---sou yo.

Si nou peche, nou dwe chèche èd rapidman paske poukont nou nou pa kapab soti nan pyèj peche, menmjan potò nan kloti a n te pale a pa t kapab libere tèt li. Dwe gen yon moun pou ede nou debarase n de akolad mòtèl sa a.

Paran yo ka ede, e evèk la aple pa Bondye pou ede nou. Se li menm pou n al jwenn pou n louvri kè nou ba li.

Doktrin ak Alyans 58:42—43 eksplike:

“Gade, yon moun ki repanti nan peche l, moun sa a padone, epi mwen menm, Senyè a m pa sonje peche yo ankò.

“Men jan n ap konnen si yon moun repanti nan peche li yo---gade, l ap konfese yo epi l ap abandone yo.”

Kèk mwa apre nou t al mache bò lak la, pititpitit fi m nan te fè entèvyou avèk evèk li---papa li---pou batèm. Apre entèvyou a, m te mande l kijan sa te pase. Li te reponn, prèske pou l reprimande m, “Granpa, yon entèvyou se bagay konfidansyèl. Ou konnen sa”

Evèk yo, mwen espere nou pran repons sa a oserye. Pou mwen menm, se kòm si pititpitit fi m nan vin gen piplis konpreyansyon nan yon ti bout tan tou piti.

Menmjan pyebwa m te dekri a te pote tristès, doulè, soufrans, ak pyèj, gen yon lòt pyebwa ki kapab pote lekotrè. Yo pale sou li nan 1 Nefi 8:10—12:

“Epi sete konsa m te wè yon pyebwa, ki te gen fwi dezirab pou fè kè moun kontan.

“Epi, sete konsa, m te ale e m te manje nan fwi pyebwa a; m te wè li te pi dous, pase tout fwi m te janm goute. Wi, e m te wè fwi a te blan, pi blan pase tout sa ki blan m te janm konn wè.

“Epi lè m te manje nan fwi a, li te ranpli nanm mwen avèk anpil lajwa.”

Chè frè m ak sè m yo, rete fèm epi fè bon chwa ki pral pèmèt nou manje fwi pyebwa lavi a. Si, pou nenpòt rezon, ou te pèdi oswa kite wout la, nou lonje men nou e n ap di ou, “Vini. Gen espwa. Nou renmen ou, e nou vle ede ou gen lajwa.”

Pè Selès la sitèlman renmen nou ke li te bay sèl Pitit Gason li a, Jezikri.

Jezikri sitèlman renmen nou ke li te bay lavi li pou ekspye peche nou!

Kisa nou dispose pou n bay pou nou vin pwòp e resevwa lajwa sa a?

Konsènan verite sa yo mwen rann temwayaj mwen, nan non sakre Jezikri, amèn.